

Tretman Yon Mwa pou Enfeksyon Tibèkilozi ki Latan: Enfòmasyon sou Izoniyazid ak Rifapantin pou Pasyon yo

Rejim tretman yon mwa pou enfeksyon tibèkilozi (Tuberculosis, TB) ki latan genyen ladann de medikaman — **izoniyazid** ak **rifapantin** — ki vini yo chak sou fòm konprime, ke w dwe pran ansanm.

- Pran konprime yo pa vwa oral (nan bouch) chak jou pandan 28 jou.
- Pran kat jiska sis konprime pa jou, sa depann de dòz yo preskri w la.
- Pran tout konprime yo nan menm lè a chak jou ansanm ak manje.

Kiyès ki pa ka pran izoniyazid ak rifapantin?

Pwofesyonèl swen sante w la ap fè w konnen si w ka pran izoniyazid ak rifapantin. Ou p ap ka pran medikaman sa yo si:

- Ou gen mwens pase laj 13 lane oswa ou peze mwens pase 66 liv (30 kilogram).
- Aktyèlman w ap resevwa terapi antiretroviral ki trè aktif pou maladi VIH.
- Ou ansent, w ap planifye pou vin ansent, oswa w ap bay tibebe tete.
- Yo konfime oswa sispèk ou gen maladi TB aktif.

E si m ap pran lòt medikaman oswa m ap resevwa tretman pou lòt pwoblèm sante?

Di pwofesyonèl swen sante w la si:

- W ap pran nenpòt lòt medikaman, tankou medikaman abaz plant, medikaman ki nan vant lib (san preskripsyon), vitamin, ak medikaman pou kontwole gwoès.
- Ou gen nenpòt lòt maladi oswa pwoblèm sante oswa w ap resevwa tretman pou nenpòt lòt maladi oswa pwoblèm sante.

Ki lòt bagay mwen dwe konnen sou izoniyazid ak rifapantin?

- **Piga** pran okenn medikaman ki gen asetaminofèn (Tylenol) ladann ni piga ou bwè alkòl pandan w ap pran izoniyazid ak rifapantin.
- Rifapantin ka gen ladann ti kantite bagay ki pa pwòp ki rele nitwozamin, ke yo souvan jwenn nan dlo ak nan manje. Sepandan, avantaj ki genyen nan pran rifapantin yo pi plis pase risk ke ti pati ki pa pwòp sa yo reprezante.

- Pale ak pwofesyonèl swen sante w lan si w gen nenpòt enkyetid konsènan izoniyazid ak rifapantin.

Ki efè segondè izoniyazid ak rifapantin genyen?

Si w gen nenpòt nan efè segondè sa yo, kontakte pwofesyonèl swen sante w la:

- | | | |
|--------------------------|----------------------------------|-----------------------------------|
| • Vètij | • Pèt apeti | • Doulè oswa malèz nan abdomèn |
| • Noze | • Doulè nan misk oswa nan jwenti | • Kantite selil nan san yo ba |
| • Vomisman | • Lafyèv | • Egzamen fonskyon epatik ki elve |
| • Fatig (santiman fatig) | • Dlo zye, swè oswa pipi ki wouj | |
| • Woujè | | |

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Rele TB Chest Center kote w ap resevwa swen an:

- **Corona:** 718-396-5134
- **Morrisania:** 718-838-6876
- **Fort Greene:** 718-249-1468

Pou jwenn plis enfòmasyon sou TB, vizite nyc.gov/health/tb.

1.25 Haitian Creole